



YAYASAN DARUSSALAM BANJARAN
MADRASAH IBTIDAIYAH (MI)
DARUSSALAM

NSM/NPSM : 111232040156/60707722

Alamat : Kp. Cipeundeuy RT.02/RW.07 Desa Tarajusari Kec.Banjaran Kab. Bandung

PENILAIAN AKHIR SEMESTER (PAS)
TAHUN PELAJARAN 2022/2023

Mata Pelajaran : Bahasa Sunda

Nama :

Hari/Tanggal

:

Kelas : VI (Enam)

Waktu

: 90 Menit

I. Cakra (X) A, B, C atawa D di hareupeun jawaban nu bener !

Pèk ilo paragraf! Pikeun ngajawab soal nomer 1 jeung 2 !

Penyu tèh nyaéta kuya laut. Nurutkeun para ilmuwan, penyu tèh geus aya ti ahir jaman jura (145-208 juta taun kaliwat) rèk saumur jeung dinosaurus.

Sanajan salilana aya di jero cai, sakali waktu mumbul ngarènghap. Penyu napasna ku paru-paru. Penyu ngalalana kacida jauhna.

Di dunya tèh ngan aya tujuh rupa penyu nu masih hirup, nyaéta penyu hèjo, penyu sisik, penyu *Kemp's ridley*, penyu lekang, penyu balimbing, penyu pipih, jeung penyu tempayan.

1. Judul anu pantes pikeun carita di luhur nyaéta....

- A. Sato jero cai B. sato nu hirup C. Penyu D. Kuya Laut

2. Ide pokok dina paragraf ka dua nyaéta....

- A. Penyu tèh nyaéta kuya laut C. penyu napasna ku paru-paru
B. Penyu geus aya ti ahir jaman jura D. tujuh penyu nu masih hirup

3. Penyu *ngalalana* kacida jauhna.

Kecap nu dicutat dèngdèk saharti jeung....

- A. ngider B. ulin C. bubuara D. kaluar

4. Lamun urang diajar kudu daèk tatanya kanu geus loba pangalaman.

Paribasa nu merenah pikeun kecap *loba pangalaman* nyaéta....

- A. Kurung batok C. Aya jalan komo meuntas
B. Buluan belut jangjangan oray D. Legok tapak gentèng kadèk

5. Murid kelas 6 raribut, blus baé Bapa Guru ka kelas, jep murid tèh jempè....
Paribasa nu merenah pikeun ngalengkepan kalimah di luhur nyaéta....
- A. Nyiuk cai ku ayakan
B. Cara gaang katincak
C. adat kakurung ku iga
D. anak merak kukuncungan

Tengetan kawih di handap! (keur ngajawab soal nomer 6 jeung 7)

Mesat ngapung luhur jauh di awang-awang
Mèbèrkeun jangjangna bangun taya karingrang
Kukuna ranggoas reujeung pamatukna ngeluk
Ngapak mèga bari hiberna tarik nyuruwuk
Saha anu bisa nyusul kana tandangna
Gandang jeung perténtang taya bandinganana
Dipikagimir dipikasèrab ku sasama
Taya karempan kasieun lèbèr wawanèna

6. Nu dimaksud kawih di luhur nyaéta....
- A. Langlayangan
B. manuk dadali
C. manuk heulang
D. kapal
7. Harti kalimah “taya karempan kasieun lèbèr wawanèna”....
- A. Gedè kawani
B. pikasieuneun
C. wanian
D. galak

Pèk ilo dongèng di handap! Pikeun ngajawab soal nomer 8 jeung 9!

Jaman baheula, di hiji patempatan nu ngawates ka sisi walungan aya sakadang kuya keur meresihan sisi-sisi kebon nu kahieuman ku tangkal nu ngajajar jadi pager. Pihujaneun geus ngagayot hideung di langit beulah kidul. Gebrèt hujan gedè jeung angin ngagelebug. Angin tèh ngapungkeun saung. Pa Kuya jeung Ambu Kuya sok malikir kumaha carana sangkan imahna teu beunang ku musibah.

Keur kitu aya sakadang monyèt sobatna datang. Sanggeus lila ngobrol sakadang kuya nanyakeun kumaha carana nyieun imah nu aman. Sakadang monyèt nitah nyieun imahna sorangan-sorangan, hareupna liangan.

8. Watek sakadang monyèt dina dongèng di luhur nyaéta....
- A. Galak
B. pedit
C. berehan
D. bageur
9. Di hiji patempatan nu ngawates ka sisi walungan.
Kecap *ngawates* dina èta kalimah ngandung harti.....
- A. Ngahiji
C. ngabatas dua tempat

B. Misahkeun

D. ngaliwatan

Tengetan Pupuh Durma ! Pikeun ngajawab soal nomer 10 - 13!

Bumèla ka Lemah Cai

Sarèrèa urang tèh kudu sayaga
Ngajaga lemah cai
Ti nu niat jahat
Nagara jadi teu aman
Rayatna jadi teu tingtrim
Jiwa ragana
Ulah jadi karisi
Masarakat sadaya ngarasa aman
Lingkungan sepi paling
Sauyunan pisan
Ngajaga kaamanan
Ningtrimkeun raga jeung batin
Bèla nagara
Ngariksa lemah cai

10. Guru wilangan jeung guru lagu dina padalisan ka hiji nyaéta....
A. 12 – a B. 12 – i C. 10 – I D. 8 – a
11. Dina sapadana pupuh durma diwangun ku...padalisan.
A. 5 B. 6 C. 7 D. 8
12. Nu kudu bumèla ka lemah cai tèh nyaéta....
A. Bapa/ibu guru B. ema C. bapa D. urang sarèrèa
13. Maksud kecap lemah cai nyaéta....
A. Nagara B. lembur C. rayat D. kampung
14. Kecap asal *bèla* lamun maké rarangkèn tengah –um jadi....
A. Balèla B. ngabèla C. bumèla D. bèbèla

Tengetan pupuh dihandap pikeun ngajawab soal nomer 15 - 17!

Budak leutik bisa ngapung
Babaku ngapungna peuting
Nguriling kakalayaan
Nèangan nu amis-amis
Sarupaning bungbuahan
Naon baé nu kapanggih

15. Rumpaka di luhur kaasup salah sahiji ngaran pupuh anu 17, nyaéta....

- A. Pucung B. kinanti C. sinom D. Durma

16. Eusi nu dimaksud dina pupuh di luhur nyaéta....

- A. Kalong B. heulang C. korèak D. dadali

17. Kecap sarupaning dina pupuh di luhur hartina....

- A. Rupa-rupa B. loba pisan C. bubuahan D. ngan sarupa

Tengetan pedaran ! Pikeun ngajawab soal nomer 18 - 20!

Kahirupan masarakat Indonesia, babakuna urang Sunda, teu bisa jauh tina budaya awi, ti mimiti kaperluan keur bahan piimaheun nepi kadaharan. Aya 105 spésiès èndemik asli awi nu kapanggih di Indonesia, 95 di antarana aya di Jawa Barat. Ngan hanjakal, can rëa masarakat nu bener-bener sadar kana pentingna awi, buktina mèh 1.000 hèktar tangkal awi di Bogor dituar dina dangka lima taun katompèrnakeun.

Kitu nurutkeun Jatnika Nanggamiharja. Jatnika tèh kawèntar minangka ahlina dina nyieun imah awi mah. Ti taun 1985 nepika ayeuna Jatnika geus ngawangun 3.000 leuwih imah awi. Aya 41 modèl nu geus dimekarkeunana. Tahun 2009, Jatnika narima panglèlèr ti Ikatan Arsitèk Indonesia minangka nu pangrèana nyieun imah awi tradisional. Ti taun 1995 nepi ka ayeuna Jatnika kapeto jadi Ketua Yayasan Bambu Indonesia.

18. Gagasan utama dina paragraf kahiji nyaéta....

- A. Kahirupan masarakat Indonesia, babakuna urang Sunda, teu bisa jauh tina budaya awi
B. Aya 105 spésiès èndemik asli awi nu kapanggih di Indonesia
C. Jatnika tèh kawèntar minangka ahlina dina nyieun imah awi
D. Jatnika kapeto jadi Ketua Yayasan Bambu Indonesia

19. Kacindekan dina èta paragraf nètèlakeun....

- A. spésiès èndemik asli awi Indonesia
B. Imah awi Jatnika
C. Aya 41 modèl imah anu geus dimekarkeun
D. Awi bahan piimaheun

20. Naon sababna 1.000 hèktar tangkal awi di Bogor dituar dina dangka lima taun katompèrnakeun?

- A. Dipakè pikeun kaperluan bahan piimaheun nepi kadaharan
B. Dipakè ngawangun mekarkeun modèl imah tina awi
C. Can rëa masarakat nu bener-bener sadar kana pentingna awi
D. Jatnika narima penglèlèr ti Ikatan Arsitèk Indonesia

21. Tengetan ieu kalimah!

Tangkal awi *dituar* ku bapa.
Tangkal awi aya *di* tukangeun imah.

Wangun /di/ dina kecap *dituar*, nulisna di hijikeun sabab nuduhkeun kecap....

- A. Pagawèan B. tempat C. rarangkèn D. panganteur
22. Cara nulis wangun /ka/ anu bener aya dina kalimah....
A. Murid-murid teu ka bawa kabèh da mobilna leutik.
B. Murid-murid teu ka bawa kabèh sabab mobilna leutik.
C. Murid-murid kelas 6 indit katoko buku.
D. Murid-murid kelas 6 indit ka toko buku
23. “Aki Dayan keur moyan dina *teras*”.
Cara nulis nu bener kecap anu dicutat dèngdèk nyaéta....
A. Teuras B. tèras C. teras D. tras

Tengetan pedaran pikeun ngajawab soal nomer 24 jeung 25!

Globalisasi, éta kecap tèh geus mindeng disebut ku urang. Èta kecap tèh nuduhkeun kaayaan sakuliah dunya geus dianggap salingkungan. Mun di nagara batur aya tèhnik komunikasi, komputer, siaran televisi, sarua di urang ogè aya nu kitu. Urang kacida gampangna hayang nyaho naon baé nu aya di batur, anu tempatna jauh. Muka *internèt* mah jol brèh baé kapanggih, aya di hareupeun urang. Kaayaan tempat-tempat sadunya, anu sakitu jauhna jadi deukeut pisan.

24. Kacindekan dina éta paragraf nètélakeun....
A. komputer B. komunikasi C. globalisasi D. internèt
25. Arti istilah globalisasi nyaéta....
A. Tèhnik komunikasi, komputer, jeung siaran televisi
B. Nuduhkeun kaayaan sakuliah dunya geus dianggap salingkungan
C. Gampang nyaho kaayaan di batur anu tempatna jauh
D. Muka internèt mah jol brèh baé kapanggih kaayaan di batur